

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÈKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékomendasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung pedaran kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *cooperative script* nya éta kaasup katégori can mampuh, rata-rata peunteunna 68,6 tina KKM 72. Rata-rata peunteun unggal aspék anu diujikeun nya éta : (1) lentong 18,6 tina skor anu kudu dihontal 25, siswa kaasup katégori sedeng-cukup nu nuduhkeun siswa kurang merenah dina ngagunakeun lentong; (2) diksi 18,4 tina skor anu kudu dihontal 25, hartina siswa kaasup katégori sedeng-cukup dina ngagunakeun kecap anu merenah; (3) volume sora 11,3 skor anu kudu dihontal 15, hartina siswa kaasup katégori cukup-alus tapi can maksimal ngaluarkeun sora anu bedas; (4) gerak jeung paroman 10,9 skor anu kudu dihontal 20, hartina siswan kaasup katégori sedeng-cukup ku sabab can mampuh ngagunakeun ékspresi anu saluyu jeung carita; jeung (5) kalancaran 9,8 skor anu kudu dihontal 15, hartina siswa kaasup katégori sedeng-cukup ku sabab can mampuh paguneman kalayan lancar.

Kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *cooperative script* nya éta kaasup katégori mampuh, rata-rata peunteunna 75,tina KKM 72. (1) lentong 20,1 tina skor anu kudu dihontal 25, hartina siswa geus cukup-alus sabab merenah dina ngagunakeun lentong; (2) diksi 19,9 skor anu kudu dihontal 25, hartina siswa kaasup katégori sedeng – cukup dina ngagunakeun kecap merenah; (3) volume sora 11 skor anu kudu dihontal 15, hartina siswa kaasup katégori cukup-alus tapi can maksimal ngaluarkeun sora anu bedas; (4) gerak jeung paroman 12,6 skor anu kudu dihontal 20, hartina siswa kaasup katégori cukup-alus sabab ékspresi siswa geus rada saluyu jeung caritaan; jeung (5) kalancaran 11,3 skor anu kudu dihontal

15, hartina siswa geus cukup-alus atawa lancar dina paguneman, gagasanna jéntré, sistematis jeung urutanna logis.

Aya béda anu ngaronjat antara kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 dina paguneman saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *cooperative script*. Ieu bisa katitén tina hasil uji hipotésis nu nuduhkeun yén $t_{itung} (17,14) > t_{tabel} (2,423)$ hipotésis (H_a) ditarima, jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina modél pangajaran *cooperative script* bisa ningkatkeun kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017, Luyu jeung hasil panalungtikan Nengsih (2012, kc. 7) yén modél pangajaran *cooperative script* bisa ningkatkeun hasil diajar siswa jeung ngaronjatkeun kualitas pangajaran jeung prilaku anu leuwih hadé.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *cooperative script* dilarapkeun pikeun ningkatkeun kamampuh paguneman. Dilarapkeunna ieu modél pangajaran meunang réson anu positif, boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal téh ku sabab dina prak – praktiknya ngalibetkeun siswa pikeun diajar aktif jeung miboga peran anu penting di kelompokna. Modél pangajaran *cooperative script* munjulkeun prosés interaksi antar anggota kelompokna pikeun ngungkulan pasuaalan ngaliwatan gawé bareng. Ku cara gawé bareng ieu bisa jadi salah sahiji lolongkrang pikeun siswa mekarkeun jeung ngébréhkeun gagasan atawa pamadeggan, sarta miboga tanggung jawab jeung peran anu sarua dina kelompokna. Salian ti éta, modél pangajaran *cooperative script* dina paguneman ogé siswa bisa silih koréksi jeung silih ngingétan ngeunaan paguneman anu keur digunemkeunna. Ku kituna, dina ieu modél pangajaran *cooperative script* bisa numuwuhkeun rasa empati siswa pikeun silih ngarojong jeung bisa numuwuhkeun rasa percaya diri dina nepikeun pamadeggannana.

5.3 Rékomendasi

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *cooperative script* dina ningkatkeun kamampuh nyarita (studi kuasi ékspérimén

ka siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017), aya sababaraha rékomendasi anu baris ditépikeun di antarana :

- 1) Modél pangajaran *cooperative script* bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran nyarita, ku sabab geus kabuktian bisa ningkatkeun hasil diajar siswa kelas VII A AMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017;
- 2) Ku sabab modél pangajar *cooperative script* geus diterapkeun dina panalungtikan kuasi ékspérimén, kahareupna perlu dilaksanakeun dina métodé panalungtikan séjén, upamana dina panalungtikan ékspérimén murni jeung Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Ieu hal pikeun ngabuktikeun kaéfektifan modél pangajaran *cooperative script*;
- 3) Pikeun panalungtik kudu leuwih asak deui dina ngararancang prak-prakkan modél pangajaran *cooperative script*.
- 4) Dina aspék volume sora saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran *cooperative script* teu ngaronjat.